

J. Wenehana tandha ping (x) ing huruf a, b, c, utawa d wangsulan kang bener!

1. Wacanen paragraf ing ngisor iki!

Dolanan tradhisional yaiku dolanan kang nggunakake tata aturan manut adat istiadat lan wis ana kanthi cara turun temurun. Ing jaman sakiki dolanan tradhisional iku dadi penting banget. Sebabe dolanan tradhisional iku penting amarga iku bisa kanggo sinau tata aturan kang lumaku ing bebrayan (masyarakat) jawa.

Miturut wacan ing ndhuwur, dolanan tradhisional iku penting amarga

- Ngunakake aturan lawas.
- bisa kanggo sinau tata aturan kang lumaku ing bebrayan (masyarakat) jawa.
- Wis ana kanthi cara turun temurun.
- Migunani kanggo kesarasane awak.

2. Ing ngisor iki sing kalebu permainan tradhisional, kajaba



3. Wacan ing ngisor iki sing kalebu teks narasi yaiku

- Alun-alun ing kuthaku diapit karo bangunan penting. Ing sisih wetan ana pendhapa kabupaten kang endah asri. Ing sisih kulon ana masjid jami' lan penjara.yen madhep mangidul katon tharik-tharik toko pecinan. Ing sisih elore ana kantor polisi lan SMP negeri 1.
- Wit-witan kang gedhe ngrembuyung aweh pengayoman. Ana ringin cacah papat kang njagani alun-alun iki. Uga ana pagupan, omahe dara kang padha mencok lan miber golek panganan. Sapa bae ora kena mburu lan nyekel dara-dara mau.
- "Priittt...!" Swara aba sempritan muni banter. Bima enggal munggah egrang lan jumangkah miwiti lomba. Sanajan wis latihan nanging ana wae alangane. Ana peserta sing tiba nalika miwiti munggah ing tlapakan egrang amarga ndhredheg.
- Ing wayah rendheng, larahan sing mlumpuk ing kali akhire mbunteti dalane banyu. Ing kutha-kutha apa maneh. Kalen-kalen ing antarane perumahan iku dadi kebak larahan. Ana botol plastik, bungkus jajan, tas kresek. Godhong, sayuran, lan sakanunnggalane.

4. Wacanen ukara-ukara ing ngisor iki!
- Bab kang diandharake asli pegamatan panca indera.
 - Ana paraga lan wewatakane
 - Ana unsur tumindak/tingkah laku
 - Karangan disusun ora nggawe urutan wektu.
- Ciri-ciri teks narasi yaiku ...
- ii, iii
 - i, ii
 - i, iv
 - iii, iv
5. Ing ngisor iki sing kalebu cirine teks pawarta yaiku
- Isine bener-bener kedadeyan nyata.
 - Isine ora kena dipertanggungjawabake.
 - Kedadeyan kang diandharake mung karangan/ imajinasi wae.
 - Ana paraga lan wewatakane
6. Pawarta langsung yaiku
- Pawarta kang ditulis kanthi ringkes, padhet, lugas lan apa anane.
 - Pawarta kang ngandharake panemu saka wang kang mumpuni babagan sing diandharake..
 - Pawarta gabungan antarane fakta lan penilaian.
 - Pawarta kang ditulis kanthi cara nambahi informasi amrih luwih komplit.
7. Adhedhasar medhia sing dienggo ngandharake, pawarta dibedakake dadi
- Pawarta hukum, sosial budhaya, politik.
 - Pawarta medhia elektroni, media citak, lan medhia sisoal.
 - Pawarta langsung lan ora langsung.
 - Pawarta dadakan, pawarta ndinan, lan pawarta crita.
8. Tembung loro sing tegese padha utawa meh padha dienggo bebarengan diarani tembung
- camboran wutuh
 - camboran tugel
 - saroja
 - entar

9. Pak Lik wingi rawuh ngasto jajan

- a. saerah
- b. sandhang pangan
- c. golek rai
- d. randha royal

10. Mbah Rumi wis gerah suwi, mula awake sakiki kari

- a. dubang
- b. lunglit
- c. saerah
- d. tingwe

11. Anggonku nyambut gawe dakrewangi ... supaya bisa urip kecukupan.

- a. adus kringet
- b. dawa tangane
- c. weteng karet
- d. lunyu ilate

12. Ing ngisor iki sing kalebu tembang macapat yaiku ...

- a. padhang bulan
- b. jaranan
- c. jamuran
- d. kinanthi

13. Sing dudu paugerane tembang macapat yaiku

- a. guru wilangan
- b. guru basa
- c. guru lagu
- d. guru gatra

14. Ana paugeran tembang macapat: 8u, 8i, 8a, 8i, 8a,8i

Tembang macapat sing duwe paugeran kaya ing ndhuwur yaiku

- a. kinanthi
- b. pucung
- c. mijil
- d. pangkur

*Bapak pucung rupane amemba gunung
Tan ana kang tresna
Kabeh uwong mesti sengit
Kang kanggonan den lus-elus tinangisan*

15. Batangane tembang ing dhuwur yaiku

- a. sepur
- b. gunung
- c. kapal mabur
- d. udun

16. Salah sijine ciri teks narasi yaiku ana ... lan wewatakane.

17. Wacanen teks ing ngisor iki!

Nalika udane wis rampung, larahan sing mbunteti banyu isih ing panggonane. Sing liyane semburat tekan endi-endi. Ana ing pager, ing plataran, ing dalan-dalan, malah ana sing ing ngarep lawang, tur ambune banger banget. Yen ora enggal diresiki, sedhela bae laler-laler padha teka. Larahan mau marakake penyakit.

Teks ing ndhuwur kalebu teks

18. Wong sing penggaweane golek berita diarani

19. Pawarta kang ditulis kanthi cara nambahi informasi amrih luwih kumplit wartane tinimbang warta asline diarani pawarta

20. Anggone nulis pawarta nggunakake metode 5W+1H. H tegese yaiku

21. Indonesia iku pancen ... loh jinawi, apa wae sing ditandur mesti thukul.

22. Rambutane wis ... sedhela maneh mateng.

24. Tembang macapat cacahé ana

25. Bener luput ala becik lawan begja.

Guru wilangan lan guru lagu gatra ing dhuwur yaiku

III. Wangsulana pitakon-pitakon ing nggisor iki nganggo wangsulan sing bener!

26. Gawea 1 paragraf teks narasi!

27. Sebutna jinise pawarta adhedhasar lingkungan geografis!

28. Gawea ukara nganggo tembung-tembung ing ngisor iki!

- a. Andhap asor
- b. Semar mendem
- c. Gedhe tekade

29. Sebutna 5 wae judhule tembang macapat!

30. Tulisen guru gatra, guru lagu, guru wilangan tembang ing ngisor iki!

Wulang estri kang wus palakrami

Lamun pinitados

Amengkoni mring balewismane

Among putra marusentanabdi

Den angati-ati

Ing sadurungipun